

AVI POU IPOTÈK KOMÈSYAL

Si ou te pèdi revni enpòtan oswa depans ou te ogmante pandan pandemi COVID-19 la, epi ou siyen e remèt fòm deklarasyon difikilte sa a bay kreditè ipotèk ou oswa lòt pati eviksyon an, yo pa kapab evikte ou omwen jiska 31 out 2021.

Si kreditè ipotekè ou oswa lòt pati eviksyon an ba ou fòm sa a, kreditè ipotekè a oswa lòt pati eviksyon an dwe ba ou tou yon adrès postal ak adrès imèl kote ou kapab retounen fòm sa a. Si ou deja nan pwosedi eviksyon, ou ka retounen fòm sa a nan tribinal la. Ou ta dwe kenbe yon kopi oswa foto fòm siyen an pou dosye ou. Ou ap toujou dwe nenpòt pèman ipotèk ki poko peye ak frè legal a kreditè ou. Ou dwe tou kontwole ak anpil atansyon sa ou te peye ak tout montan ke ou toujou dwe.


Index Number (if known/applicable): _____

County and Court (if known/applicable): _____

DEKLARASYON IPOTÈK KOMÈSYAL SOU DIFIKILTE KI GEN RAPÒ AK COVID-19

Mwen se pwopriyete, ofisye egzekitif anchèf, prezidan oswa ofisye menm jan (non biznis),

mwen se ipotekè pwopriyete ki nan (adrès inite lojman):



Biznis mwen posede, keseswa dirèkteman oswa endirèkteman, dis oswa mwens inite komèsyal. Biznis mwen rezide nan eta Nouyòk posede ak fonksyone nan fason endepandan, li pa domine nan domèn li, e li anplwaye senkant oswa mwens moun. Biznis mwen gen difikilte finansye, epi mwen pa kapab peye ipotèk mwen an plen akòz youn oswa plizyè nan bagay sa yo:

1. Gwo pèt revni pandan pandemi COVID-19 la.
2. Ogmantasyon enpòtan nan depans nesèsè ki gen rapò ak founisman ekipman pou pwoteksyon pèsònèl pou anplwaye yo oswa achte ak enstale lòt ekipman pwoteksyon pou anpeche transmisyon COVID-19 nan biznis lan.
3. Depans pou demenajman ak difikilte mwen genyen pou garanti lojman altènatif komèsyal fè li difisil pou biznis lan deplase ale nan yon lòt pwopriyete pandan pandemi COVID-19 la.
4. Youn oswa plizyè nan lokatè biznis mwen yo manke yon kantite lajan enpòtan [nan] pèman lwaye yo depi 1 Mas 2020.

Nan limit kote biznis lan te pèdi revni oswa depans yo te ogmante, nenpòt ki asistans piblik biznis lan te resevwa depi kòmansman pandemi COVID-19 la pa konplètman konpanse pèt revni biznis lan swa ogmantasyon depans yo.

Mwen konprann ke biznis lan dwe konfòme ak tout lòt tèm legal dapre kontra ipotèk komèsyal mwen. Anplis Mwen konprann ke frè legal, penalite oswa enterè paske m pa peye ipotèk la okonplè jan sa rekòmande nan akò ipotèk komèsyal la ka toujou faktire oswa kolete e ka vin mennen a yon jijman monetè. Mwen konprann tou ke kreditè ipotèkè a oswa lòt pati ki ap fè eviksyon an ka pouswiv yon aksyon eviksyon kont biznis lan nan oswa apre 31 out 2021, si mwen pa konplètman ranbouse nenpòt pèman mwen te rate oswa mwen te fè an pati ak frè legal yo.

Siyen: _____

Ekri non anlèt detache: _____

Date signed: _____

AVI: Ou ap siyen epi soumèt fòm sa a anba penalite lalwa. Sa vle di li ilegal pou fè yon deklarasyon sou fòm sa a ke ou konnen ki fo.